



## Rezime Rapò Final la

### Jiyè 2024

Jou 21 me 2024 la, Majistra Eric Adams te kreye Komisyen Revizyon Konstitisyon 2024 la epi li te nonmen Carlo Scissura kòm prezidan, ansanm ak 12 lòt lidè nan kominote a pou sèvi nan Komisyen an. Majistra a te bay Komisyen an responsabilite pou l revize tout Konstitisyon an nèt pou li ka asire li ke l ap mache avèk efikasite epi li satisfè atant tout Nouyòkè yo. Majistra a te mande Komisyen an tou pou l egzamine, an patikilye, si yo ka amande Konstitisyon pou ankouraje sekirite piblik ak responsabilite fiskal.

Apre yon revizyon sou tout Konstitisyon Vil New York la, kòmantè piblik la, temwayaj ekspè, rechèch ak envestigasyon, Komisyen an deside prezante amannman pwopoze sa yo bay elektè yo nan Vil New York pandan elekson jeneral 5 novanm 2024 la:

#### Lari Pwòp

Nan premye kesyon sou bilten vòt la, Komisyen an pwopoze yon amannman pou elaji ak klarifye otorite Depatman Vwari (DSNY) pou kenbe vil la pwòp.

Kounye a, Konstitisyon an bay DSNY pouvwa pou netwaye kèk pwopriyete Vil la, men pa tout. Otorite enkonplè sa a konplike efò Vil la pou netwaye on seri pwopriyete Vil la, tankou nan medyan yo. Amannman an ta pèmèt DSNY, sou direksyon Majistra a, netwaye tout pwopriyete Vil la posede.

Menm jan an tou, nan yon efò pou ankouraje mete fatra nan resipyen ansan ak avantaj sa prezante pou pwòpte ak sante piblik, DSNY te pibliye plizyè règ ki

limite kantite tan fatra ki pa fèmen nan yon resipyen pase nan lari Vil la. Sepandan, Konstitisyon an pa klèman bay DSNY otorite pou 1 ankouraje fèmen fatra nan resipyen. Amannman sa a t ap klarifye yo t ap klarifye pouvwa DSNY genyen pou fè règlemn sou kondisyonman fatra pou ramaj tankou egzije itlizasyon resipyen.

Finalman, malgre se DSNY ki ebèje Biwo Ranfòsman Machann nan Lari a, Kontitisyon an pa bay DSNY otorite klè ki pèmèt li fè respekte règleman lavant ki fèt sou pwopriyete Vil la ki pa lari oswa twotwa, tankou pak yo. Amannman an t ap etann otorite DSNY sou machann lari yo nan lòt kalite pwopriyete Vil la, pa sèlman lari ak twotwa.

## **Responsabilite Fiskal**

Nan dezyèm kesyon sou bilten vòt la, Komisyon an pwopoze yon amannman pou amelyore fason Vil la evalye enpak fiskal pwojè lwa lokal yo epi pou adrese kèk delè pou bidjè ki pa ni adapte ni efikas.

Premyèman, pou ankouraje konsiderasyon kou pwojè lwa yo, Komisyon an ap pwopoze chanjman nan seksyon Konstitisyon an ki egzije Deklarasyon Enpak Fiskal yo. Pou kounye a, abitid la se pou Konsèy Minisipal la pibliye Deklarasyon Enpak Fiskal sèlman lè lejislasyon pwopoze nan pwen pou yo adopte li. Konsa, anpil nan deba piblik la sou lejislasyon an - ak anpil nan travay lejislatif pou elabore pwojè lwa a - fèt san avantaj yon Deklarasyon Enpak Fiskal ak estimasyon kou ki ladan li yo. Egzije yon Deklarasyon Enpak Fiskal pi bonè nan pwosesis lejislatif la, anvan yon seyans piblik sou yon pwojè lwa lokal, amannman sa a t ap ankouraje plis konsiderasyon sou konsekans fiskal pwojè lwa yo ka genyan. Yon Deklarasyon Enpak Fiskal ki ajou – anvan Konsèy la annantye vote sou yon pwojè lwa – ta dwe obligatwa pou bay lejislatè yo ak piblik la yon dènye evalyasyon sou enpak fiskal lejislasyon ki pwopoze a. Amannman ki pwopoze a t ap egzije pou Deklarasyon Enpak Fiskal pou pwojè lwa lokal yo genyen de estimasyon, youn ki soti nan Konsèy

la ak youn ki soti nan Biwo Jesyon ak Bidjè a, pou favorize yon egzamen enpak fiskal yo ki pi detaye ak pi solid. Pwopozisyon sa a baze sou anpil temwayaj ekspè ak gwoup bon gouvènans ki mande yon modifikasyon nan pwosedi Deklarasyon Enpak Fiskal la.

Amannman sa a pral mete ajou plizyè delè pou bidjè a nan Konstitisyon an. Pou asire ke novo administrasyon minisipal yo gen ase tan pou devlope yon bidjè preliminè, amannman an t ap pwolonje delè pou bidjè preliminè a de 16 janvye a 1<sup>ye</sup> fevriye nan ane apre yon eleksyon minisipal. Pou menm ane sa yo, amannman pwopoze a t ap chanje lòt delè ki lye yo pou yo ka pran dat 1<sup>ye</sup> fevriye bidjè preliminè an konsiderasyon. Finalman, amannman sa a t ap pwolonje delè soumisyeon bidjè egzekitif la de 26 avril a 1<sup>ye</sup> me bidjè egzekitif la pou ane fiskal apre a, pou asire ke bidjè egzekitif la reflete enfòmasyon enpòtan sou koleksyon enpo ak resèt ki fèt nan delè 15 avril la.

## Sekirite Piblik

Nan twazyèm kesyon sou bilten vòt la, Komisyon an pwopoze yon amannman pou ankouraje patisipasyon ak deliberasyon piblik la nan konsiderasyon lwa lokal ki gen rapò ak sekirite piblik.

Kounye a, kondisyon yo pou adopte yon lejislasyon ki gen rapò ak sekirite piblik pa diferan de kondisyon yo pou adopte lejislasyon sou lòt sijè. Komisyon an te tande anpil temwayaj piblik la ak moun ki gen enterè nan Vil la te bay kote yo te eksprime enkyetid sou pwosesis aktyèl la pou revize mezi sekirite piblik la ki pa bay ase opòtinite pou patisipasyon ak revizyon. Bay plis opòtinite pou opinyon piblik pou konsiderasyon Konsèy la nan lejislasyon sekirite piblik la fèt nan entansyon pou pèmèt deliberasyon ki pi apwofondi epi garanti ke yo tande kominote ki afekte yo atravè Vil la lè lejislasyon an manyen domèn enpòtan sa a.

Pou plis presizyon, amannman sa a t ap etabli egzijans pou plis pwosedi pou konsiderasyon Konsèy la sou pwopozisyon lwa lokal konsènan operasyon sekirite piblik twa ajans Vil la: Depatman Lapolis, Depatman Koreksyon, ak Depatman Ponpye. Anvan Konsèy konplè a vote sou yon pwopozisyon sekirite piblik ki deja adrese, Konsèy la ta dwe bay piblik la, Majistra a, ak komisè nan chak ajans ki afekte yo omwen 30 jou preyavi anplis anvan vòt la. Pandan peryòd ant preyavi a ak dènye vòt la, Majistra a ak ajans ki konsène yo t ap gen dwa pou òganize youn oswa plizyè seyans piblik adisyonèl sou pwopozisyon an pou rekeyi plis opinyon piblik. Seyans sa yo ta ka genyen, lè sa apwopriye, seyans piblik nan awondisman andeyò yo pou rann li pi fasil pou kominate ki afekte yo bay opinyon yo.

## **Planifikasyon Kapital**

Nan katriyèm kesyon sou bilten vòt la, Komisyón an pwopoze yon amandman pou amelyore pwosesis planifikasyon kapital Vil la nan pwomosyon transparans epi asire Vil la rekeyi enfòmasyon kritik.

Vil la angaje nan planifikasyon kapital regilye pou detèmine kijan pou 1 envesti nan enfrastrikti li yo. Baze sou yon rekòmandasyon Kontwolè Brad Lander, pwopozisyon sa a gen pou objektif pou ankouraje transparans kote Vil la asire 1 pou li pibliye plis enfòmasyon sou eta enstalasyon yo. Li t ap garanti tou ke Depatman Planifikasyon Vil la ak Biwo Jesyon ak Bidjè a konsidere kondisyon enstalasyon Vil la yo ak bezwen antretyen yo, ansanm ak lòt faktè tankou repatisyon jeyografik, enpak sou rezistans ak a ki pwpen yon byen kritik pou fonksyònman oswa misyon yon ajans, nan devlopman Estrateji Kapital sou Dizan an.

## **MWBEs ak Modènizasyon**

Nan senkyèm ak dènye kesyon sou bilten vòt la, Komisyón an pwopoze yon amannman pou mete ajou plizyè dispozisyon Konstitisyon an pou amelyore operasyon gouvènman Vil la.

Pou Bay Antrepriz Komèsyal Minorite ke Fanm Posede (MWBE) jarèt, amannman sa a t ap etabli Responsab pou Divèsite Biznis (CBDO) a nan Konstitisyon an epi prevwa pou CBDO a sèvi kòm pwen kontak pou MWBE yo, evalye efikasite politik Vil la pou adrese disparite nan pasasyon mache, epi pwopoze chanjman ki nesesè nan politik Vil la.

Answit, amannman sa a ta pèmèt Majistra a bay biwo ki trete pèmi pou tounaj fim yo—Biwo Medya ak Divètisman Majistra a (MOME)—pouvwa pou bay pèmi sa yo.

Pou fini, amannman an t ap konbine de konsèy ke Konstitisyon an te kreye ki genyen menm misyon: garanti fonksyònman efikas achiv minisipal yo.